ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ШОМАНАЙ РАЙОНЫ ҲӘКИМИНИҢ ШЕШИМИ

ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ШУМАНАЙ ТУМАНИ ҲОКИМИНИНГ ҚАРОРИ

№ 87/2 « 2 » февраль 2018 ж.

2018-жылда жумыссыз деп табылған пуқараларды жумысқа орналастырыў, жәмийетлик жумысларға қатнастырыў, кәсипке таярлаў ҳәм қайта таярлаў ҳаққында

Өзбекстан Республикасының «Халықты жумыс пенен тәмийинлеў ҳаққында»ғы Нызамының 17, 22, 23-статьялары, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинентиң 2017-жыл 7-октябрьдеги 799-санлы қарары менен тастыйықланған «Ҳақы төленетуғын жәмийетлик жумысларды шөлкемлестириў ҳаққында»ғы Реже талапларына муўапық халықтың бәнтлигин тәмийинлеў мақсетинде ҳәм «Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Нызамларына тийкар

Ш Е Ш И М Е Т Е М Е Н :

1.Төмендегилер:

а) Шоманай районы бойынша 2018-жылда белгиленген тәртипте жумыссыз деп табылған пуқараларды ҳақы төленетуғын жәмийетлик жумысларға жибериў ҳәм кәсипке таярлаў бойынша қадағалаў көрсеткишлери 1-қосымшаға муўапық;

б) Шоманай районы аймағындағы жумыс излеўши сыпатында дизимге алынған пуқаралар ушын ҳақы төленетуғын жәмийиетлик жумысларды шөлкемлестиретуғын мәкеме ҳәм кәрханалар дизими 2-қосымшаға муўапық;

в) Аўыл хожалығы кәсип-өнер колледжинде 2018-жылда кәсипке таярлаў ҳәм қайта таярлаўды шөлкемлестириў режеси 3-қосымшаға муўапық;

г) Пуқараларды жәмийетлик жумысларға қатнастырыў, кәсипке таярлаў ҳәм қайта таярлаўды шөлкемлестириў бойынша районлық исши топар қурамы 4-қосымшаға муўапық тастыйқлансын.

2. Төмендегилер:

а) Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2017-жыл 7-октябрьдеги 799-санлы қарары менен тастыйқланған «Ҳақы төленетуғын жәмийетлик жумысларды шөлкемлестириў ҳаққында»ғы Режениң бюджет

мәкемелери ҳәм өзин-өзи басқарыў уйымлары тәрепинен ҳақы толенетуғын жәмийетлик жумысларға жиберилген жумыссыз ҳәм бәнт емес пуқаралардың ис-ҳақысының 100 пайызы муғдарын қаржы менен тәмийнлеў жумыс пенен тәмийнлеўге көмеклесиўши мәмлекетлик қоры есабынан әмелге асырылыўы;

Басқа кәрхана, исбилерменлик субъектлери ҳәм фермер хожалықларына ҳақы төленетуғын жәмийетлик жумысларға жиберилген жумыссыз ҳәм бәнт емес пуқаралардың ис-ҳақысының 50 пайызы муғдарын қаржы менен тәмийнлеў, жумыс пенен тәмийнлеўге көмеклесиўши мәмлекетлик қоры есабынан әмелге асырылыўы белгиленсин.

б) Өзбекистан Республикасының «Халықты жумыс пенен тәмийнлеў ҳаққында»ғы Нызамының 23-статьясына муўапық жумыссыз деп табылған пуқараларды 2018-жылда кәсипке таярлаў ҳәм қайта таярлаўды шөлкемлестириў қаржылары жумыс пенен тәмийнлеўге көмеклесиўши мәмлекетлик қоры есабынан әмелге асырылыўы есапка алынсын.

3. Пуқараларды жәмийетлик жумысларға қатнастырыў, кәсипке таярлаў ҳәм қайта таярлаўды шөлкемлестириў бойынша исши топары район аймағындағы жумыс излеўши сыпатында дизимге алынған пуқаралар ушын ҳақы төленетуғын жәмийетлик жумысларды шөлкемлестиретуғын мәкеме ҳәм кәрхана басшылары жумыссыз деп табылған пуқаралар ушын жумыс орынларының көрсетип өтилген муғдарын белгиленген мүддетлерде ҳәм тәртипте жаратылыўын ҳәмде жумыс орынлары санитария-гигиена нормаларына ҳәм жумысшы өз миннетлерин биймәлел орынлаўын тәмийинлейтуғын мийнет шараятларына муўапық болып тәмийинленсин.

4. Районлық Бәнтликке көмеклесиў орайы (Р.Галиакберов) ҳәм исши топары усы шешимди тийисли кәрхана ҳәм шөлкем басшыларына ҳәм орынланыўы үстинен қатаң қадағалаўды тәмийинлесин.

5. Район ҳәкиминиң 2016-жыл 28-декабрь «Пуқараларды жумысқа орналастырыў, жәмийетлик жумысларға қатнастырыў, кәсипке таярлаў ҳаққында»ғы 837/12-санлы шешими («Шоманай нуры» газетасы, 2017-жыл 14-январьдағы 2 (5292сан) 2017-жыл 31-декабрьден өз күшин жойтқан деп есаплансын.

6. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң биринши орынбасары Қ.Хожаметовқа жүкленсин.

7. «Шоманай нуры» газетасы бас редакторы Қ.Наўрызовқа усы шешимди «Шоманай нуры» газетасында жәриялаў усыныс етилсин.

8. Бул шешим районлық «Шоманай нуры» газетасында рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Шоманай районы ҳәкими **Б.Янгибаев**

Копия верна

Шоманай районы ҳәкиминиң
2018-жыл «__»_____күнги
_____-санлы шешимине
1-қосымша

Район аймағындағы 2018-жылда ҳақы төленетуғын жәмийетлик жумысларды шөлкемлестириў, кәсипке таярлаў ҳәм қайта таярлаў бойынша қадағалаў КӨРСЕТКИШЛЕРИ

Ҳақы төленетуғын жәмийетлик жумысларда қатнасады					Кәсипке таярлаўға жибериледи				
Соннан					Соннан				
Жами	I шерек	II шерек	III шерек	IV шерек	Жами	I шерек	II шерек	III шерек	IV шерек
315	55	120	105	35	100	20	40	40	0

Шоманай районы ҳәкиминиң
2018-жыл «__»_____күнги
_____-санлы шешимине
2-қосымша

Район аймағындағы 2018-жылда шөлкемлестирилетуғын ҳақы төленетуғын жәмийетлик жумыслар саны, түри ҳәм шөлкемлестиретуғын мәкеме ҳәм карханалар
ДИЗИМИ

Қ/с	Ҳақы төленетуғын жәмийетлик жумысларды шөлкемлестириў түрлери	Жәмийетлик жумысларға қатнасыўшылар		I шерек	II шерек	III шерек	IV шерек
		саны	түри				
1	**Кала, район аймақ пунктлерин махаллелерди абаданластырыу, аймакларды абаданластырыў**						
	МПЖ хам АПЖ	143		36	36	36	35
	«Таза худуд» карханасы	10			10		
2	**Үй-жай коммунал, уй-жай коммунал инфраструктураларын қурыў, реконструкция қылыў ҳәм оңлаў**						
	«Шоманай курылыс онлау» ООО	10		10			
3	**Кошелер, асфальт жоллар хам пиядалар жүриў жолларын онлаў**						
4	**Маўсымлик аўыл хожалыўыл хожалы ислерин, аўыл хожалық өнимлерин таярлаў, сақлаў хам кайта ислеў, ирригация хам мелиорация тармакларын онлаў**						
	Фермер хожалықлары	100			40	60	
5	**Майыплар, кекселер, наўқаслар ҳәм басқалар күтимине мутәж**						
	МПЖ хам АПЖ	10		5	5		
6	**Санаат тармаклары хам хызмет корсетиў тараўындағы карханаларда ислеў**						
7	**Объектлерди курыу, реконструкция кылыў хам онлау**						
	«Равшан Нукус курылыс» ЖШЖ	32		4	19	9	
	«Шоманай курылыс инвест» ЖШЖ	10			10		
Жәми							

Шоманай районы хәкиминиң
2018-жыл «__»_____күнги
_____-санлы шешимине
3-қосымша

Шоманай аўыл хожалығы кәсип-өнер колледжинде 2018-жылда кәсипке таярлаў ҳәм қайта таярлаўды шөлкемлестириў

№	Кәсипке таярлаў ҳәм қайта таярлаў шөлкемлестирилетуғын оқыў орны	Жыллық кәсипке таярлаў ҳәм қайта таярлаў режеси	Кәсипке таярлаў ҳәм қайта таярлаў мүддетлери			
			I шерек	I шерек	III шерек	IV шерек
1	Аўыл хожалығы кәсип-өнер колледжи	100	20	40	40	0

Шоманай районы ҳәкиминиң
2018-жыл «__»_____күнги
_____-санлы шешимине
4-қосымша

Пуқараларды жәмийетлик жумысларға қатнастырыў, кәсипке таярлаў ҳәм қайта таярлаўды шөлкемлестириў бойынша
РАЙОНЛЫҚ ИСШИ ТОПАР ҚУРАМЫ

	Ф.И.Ә		**Лаўазымы**
1.	Қ.Хожаметов	-	Район ҳәкиминиң биринши орынбасары, **исши топар баслығы**
2.	Р.Галиакберов	-	Районлық бәнтликке көмеклесиў орайы директоры
3.	А.Каримов	-	Районлық статистика бөлими баслығы
4.	А.Сейтжанов	-	Районлық экономика ҳәм санаат бөлими баслығы
5.	А.Султанов	-	Районлық қаржы бөлими баслығы
6.	Н.Жадигеров	-	«Махалла» қоры районлық бөлими баслығы
7.	К.Ещанов	-	«Жаслар аўқамы» районлық Кеңеси баслығы
8.	У.Айтмуратов	-	Шоманай аўыл хожалығы кәсип-өнер колледжи директоры
9.	О.Сейтниязов	-	Шоманай агроэкономика кәсип-өнер колледжи директоры
10.	А.Қайыпназаров	-	Шоманай педагогика ҳәм хызмет көрсетиў кәсип-өнер колледжи директоры